



# RAMADAN, KAWAH KATAKWAAN

Ku : H. Tatang Ibrahim & Hj. Uwang Suwarsah



**A**sa kakara kamari tepung jeung Ramadan 1442 téh, ayeuna geus nincak deui jeung Ramadan 1443 H. Ieu téh emu bakal ku betah hirup di alam dunya. Ku datangna Ramadan taun ieu, kaum muslim sasangga buana geus pasti bungah taya papadana. Sabab panggih deui jeung bulan anu pinuh ku mangpirang-pirang kabarakahan, mag-firoh, jeung marema ku pahala. Nya dina ieu sasilih pisan Kitab Suci Al-Quran anu jadi papagon hirup-hurip di dunya dilungsurkeunna téh. Ku kituna Bulan Suci Ramadan kudu dimangpaatkeun sahade-hadema sababean karuhun taun hareup bakal ngalaman deui Ramadan.

Ngalaksanakeun ibadah puasa dina bulan suci Ramadan, memang beurat pikeun jalma anu ipis iman mah. Tapi pikeun jalma nu kuat iman kalayan ngarti kana tujuan diwajibkeunan, ibadah puasa, tangtuna ge bakal ngarasa hampang lantaran ngarasa butuh. Ku kituna hayu urang jadikeun puasa téh jadi hiji kabutuh, sabab urang geus dibere mangpirang-pirang kamanitan ku Allah SWT nu teu bisa ditung ku itungan manusa sanajan ku teknologi nu panghebatna oge tetep modal kantung, sakumaha pidawuh Allah, *"Jeung upama maraneh ngitung-ngitung n'imat Allah, tanwande ku maraneh modal kantung. Saéstuna Allah Maha jembar hampura, Maha Asih"* (QS. An-Nahl: 18). Puasa kudu dijadikeun kawah pikeun ngagadog kamanitan jeung katak-

waan ka Allah SWT.

Kita deui datangna bulan suci Ramadan, ulah ngan ukur dipapag ku seremonial anu biasa sok dilaksanakeun ku sabagian masarakat muslim saperti pangajian (tahrir Ramadan), nyekar ka kuburan, kuramas (beberesih), silih hampuraan jeung sajabana. Kudu aya tapakna, ulah ngan ukur meunang lapar jeung hamaang wungkul, kudu bener-bener klusus nepi ka tahapan *kha-iratul-khawarizma* nyaeta puasa ruhaniyah. Ati jeung pikiran kudu suci, ulah riva, srik padik, dengki, ujub, jeung takabur. Jalma ku keur puasa mah bakal mampuh ninggalkeun pagawean goreng.

Puasa kudu bener-bener dimantaatkeun pikeun ngaromatkeun katakwaan ka Allah SWT, sakumaha kaunggel dina Al-Quran surat Al-Baqarah ayat 183 anu pihartoseunana: *"Yeuh, jalma-jalma anu ariman! Geus diwajibkeun ka maraneh sanajan ngalaksanakeun puasa sakumaha anu geus diwajibkeun ka jalma-jalma anu sameméh maraneh, sanajan maraneh jadi jalma anu tarakwa"*.

Awat bien muduhkeun yen puasa téh geus diwajibkeun ti beh ditu keneh, sameméh umat Nabi Muhammad Saw, saperti puasa Nabi Adam, Nabi Nuh, Nabi Dawud jeung Nabi Nabi lianna. Puasa pata Nabi sameméhna tangtuna ge beda jeung puasa nu diwajibkeun ka umat Nabi Muhammad Saw, tapi tujuannya mah sarua nyaeta pikeun meuseuh pribadi-pribadi takwa. Nagara bakal aman, lamun rahayat jeung para pamingpin mibanda jiwa takwa. Ku takwa salaga kaburupan bakal tentrem, sabab bekel nu panghade-hadema iwal takwa.

Takwa nu dimaksud nyaeta ngamumul babungan hadé ka Allah SWT ku cara ngalaksanakeun sagala parentah-Na, oge ninggalkeun pagawean anu dipshih boh ku agama, boh ku nagara. Kaum muslim anu geus bisa ngalaksanakeun konsep takwa disebutna téh umat pangalusna sakumaha kaunggel



dina surat Al-Imran 110, *"Maraneh téh panghade-hadema umat anu dilahirkeun pikeun (maslahat) manusa, maraneh nitah kana kahadean jeung nyarék kana kaporenngan sarta maraneh aman ka Allah. Cavakan ahli kitab ariman mah, tanwande hadé pisan pikeun maraneh. Ti antara maranehna anu anu ariman, tapi kalolobanana mah anu parasek"*.

Awat di luhur netelakeun yen jalma anu takwa téh anu sok ngajak kana kahadean bari nyarék milampah mungkar. Lamun umat Islam geus lulus tina kawah katakwaan, tangtu bae bakal kaasup umat nu panghade-hadema umat, sabab dina dirina geus ngameuk tekad anu kuat rek ngawakafkeun sagala kamampuh dirina pikeun kamajuan Islam, jadi jalma anu gedé gunana keur manusa sejenana (*khairunnas anfa'uhum linnas*). Guna téh lain ngan ukur pikeun umat Islam tapi oge keur umat lain di luar Islam sangkan maranehna ge sarua ngarasakeun mangpaatna, kaasup mangpaatna tina Ramadan. Tab ieu nu disebut Islam *rahmatulillah* lamun téh, barokah pikeun balarea ku ayana bulan Ramadan tur lulus tina kawah katakwaan bulan Ramadan. *Wallahu'alam...*

*Catetan: H. Tatang Ibrahim, Dosen UIN Bandung. Hj. Uwang Suwarsah, Guru MAN 2 Ciapus sarta damuk di Ciapus.*